Зэчийр зыщІыпІи пхуэхьынукъым

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

«ЦІыкІураш»

4-нэ нап.

ДыщэкІым и дыщэхэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№116 (24.710) ● 2024 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Зыщ зыхущІэкъур - щІыналъэр егъэфІэкІуэнырщ

КъБР-м и Парламентым и еблан зэхуэсыгъуэм и пэ зэІущІэм пащащ фокІадэм и 24-м. Абы щыхахащ республикэм и хабзэубзыкІ Іуэхущ Іапі эм и Унафэщым и къудэзэхэр.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» фракцэм и унафэщІ Афэщіагъуэ Михаил жиІащ «КъБР-м и Парламентым теухуауэ» щІыналъэ Законым и Іыхьэ 22-м тету, а къулыкъухэм щхьэкІэ щІыхуитІ кьыззрагъэлъэгъуар: Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ. Адрей фракцэхэми ар даІыгъащ икІи зэдзарэзыуэ депутатхэм псоми Іэ яІэтащ. Жанатаевымрэ Къардэнымрэ депутатхэм фІыщІэ хуащІащ, я дзыхь кърагъэзу зэрыхахам папщІэ, икІи жэуапІныгъэ яхэлъу я пщэрилъхэр зэрагъэзэщІэнур кьыхагъэщащ.

Депутатхэм еджэгъуитІкІэ къащтащ «КъБР-м и Парламентым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Іыхьэ 1-м зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэным и Іэхуэкі» КъБР-м и законым и проектыр. Абы ипкъ итКІэ, я лэжьыгъэр зэпымыууэ ягъэзэщІэнущ депутат 19-м.

АдэкІэ КъБР-м и Парламентым и комитетхэм хэтынухэр, комитет унафэщІхэр хахащ. Апхуэдизу Пхэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ комитетым и унафэщІу щытыпухущ Джатэ Руслан, Безгодькэ Владимир, Байдаев Сэлихь сымэ.

КъБР-м и Парламентым Хабзэхэр гъэбелджылынымрэ щІыпІэ унафэр зехьэныкІэ и комитетым и унафэщІу хахащ Мэлбахъуэ Борис, абы и къуэдзу - Джатэ Руслан.

ЦІыхубэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныкІэ комитетым и унафэщІщ Кривко Михаил, къуэдзэр Есэнкъул Ахьмэдщ.

БюджетымкІэ, налогхэмрэ финанс ІуэхуэмкІэ комитетым и унафэщІщ Афэщіагъуэ Михаил, абы и къуэдзэщ Настаев Алий-сультІан.

Экономикэ политикэмкІэ, зыужьыныгъэмкІэ, туризмэмрэ хьэрычэт ІуэхуэхэмкІэ комитетым и унафэщІщ Іэпщэ Заур, абы и къуэдзэщ Войтов Алексей.

Мэкъумэш Іуэхуэхмкіэ, щІыналъэр къэгъэзэбгъэныкмкІэ, экологиемрэ дыкъэзыухуреихь дунеймкІэ комитетым и унафэщІыр ТекІуэщ Артурщ, абы и къуэдзэщ Щхьэгъэпсэу Сэфарбий.

Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэмкіэ комитетым и унафэщІу хахащ Къумал Заурбэч, и къуэдзэу - Мэзпо Руслан.

ПромышленностмкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу Іэнатіэмкіэ комитетым и унафэщІыр Къалмыкъ Маратщ, абы и къуэдзэр Байдаев Сэлихьщ.

ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ комитетым и унафэщІыр Емуз Нинэщ, абы и къуэдзэхэр Короткиx Ольгэрэ Ахьмэт Амиррэщ.

Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэныкмрэ ветеранхэм я Іуэхуэхмкіэ комитетым и унафэщІщ Кьэжэр Хьусен, абы и къуэдзэщ Безгодькэ Владимирэ Шевчук Германрэ.

Щэнхабзэмкіэ, цІыхубэ зыужьныныгъэмрэ хьыбарегъащІэ политикэмкіэ и унафэщІ хъуащ Текуев Амырбий, абы и къуэдзэу - Бжьахъуэ Ранетэ.

Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкІэ комитетым и унафэщІу хахащ Кансаевэ Еленэ, и къуэдзэу - Пащты Борис.

Комитет унафэщІхэм я къуэдзэхэу Джатэ Руслан, Байдаев Сэлихь, Безгодькэ Владимир, Есэнкъул Ахьмэд, Щхьэгъэпсэу Сэфарбий сымэ Президиумым хагъэхьащ икІи я къалэнхэр зэпымыууэ ягъэзэщІэнущ.

ЗэІущІэм щабзыхуащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къагъэлъагъуэ я хэхъуэхэмрэ я мылькур зыхуэдэмрэ я пэжагъыр къэзыпщытэну комиссэм хэтыпхэр. Комиссэм и унафэщІ ящІащ Жанатаев Сэлим, абы и къуэдзэу щытынущ Джатэ Русланрэ Кривко Михаилрэ.

КъыщыпэмыщІауэ, депутатхэм хахащ КъБР-м и Парламентым и лІыкІуэу Кавказ Іуэхуэрэм и Парламент зэгуэныгъэм хэтынухэр. Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгуэныгъэм и советым и лІыкІуэщ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэрэ абы и къуэдзэ Къардэн Муратрэ. Комитетхэм ягъакІуэ цІыхубл - Мэлбахъуэ Борис, Іэпщэ Заур, Байдаев Сэлихь, Емуз Нинэ, Текіушэ Артур, Безгодькэ Владимир, Шевчук Герман сымэ.

КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкІыу Телерадиоэтэтынэмкіэ федеральнэ зэхьэзэхуэ комиссэм хэтыну хахащ Текуев Амырбий.

ЗэІущІэм зыкъриГъэхьэлІат КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Ар республикэм и хабзэубзыкІ Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуэр и къуэдзэм и депутатхэм яхэсу республикэм щыпсэу цІыху мин 400-м я дзыхь кърагъэзу ахэр зэрыхахам папщІэ. «Ар пщІэшхуэщ икІи жэуаплныгъэ зыпылъщ. Си фІэщ мэхъу дэтхэнэри и къалэнхэм зэрыпэлъэщынур, - кьыхигъэщащ КІуэкІуэм. - Иджырей зэхуэсыгъуэм зи ныбжькІэ нахь щІалэхэри куэду кьыхыхьащ. Си гугъэмкІэ, нэхъыжьхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр я щапхъэу, республикэм и хабзэубзыкІ Іэнатіэм абыхэм зрагъэужьыфынущ. ЗэрытщІэщи, мы зэманым дунейм кьыщыхъуэм ди лэжьыгъэри нэхъ гугъу ящІ. КъБР-м и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэр и къалэнхэм пэлІытэ хэха хуэтщІыну кьыптпщылъщ. Щэч кьытетхэркъым республикэм и Парламентым хагъэхьа щІалэхэри «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондри мы Іуэхум зэгъуэгу зэрелэжьыным. Республикэм и хабзэубзыкІ Іуэхущ Іапі эм политикэ парт зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр хэтщ, абыхэм я епІэныкІэрэ бгъэдыхьэкІэрэ зэщхькъым, дауи, аущ ауэ зы Іуэхуэ - Къэбэрдей-Балъкъэрыр егъэфІэкІуэным - зэрытелажьэнур хьэкъщ. Сынывохъуэхъу ебланэ зэхуэсыгъуэм ехъулІэныгъэхэр фиІэну».

Егоровэ Татьянэ республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ, апхуэдизуи кьыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэр зэрыкІэщІым кьыхэкІыу, депутатхэр Іэхуэм жыджэру яужь ихьэну къазэрыпэщылІыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм къызэритамкІэ

И Іэнатіэр узыншэу ирихьэкІыну!

Къэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІ Матвиенкэ Валентинэ Иван и пхъум и Іэнатіэм щылэжьэну аргуэру дзыхь зэрыхуащІам щхьэкІэ абы екъуэхъуащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

«ГУРЭ псэкІэ Матвиенкэ Валентинэ Иван и пхъум сохъуэхъу Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІу зэрыхахьжам щхьэкІэ, - щетх КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым. - Федерацэмкіэ Советым и бжьыхьэ зэхуэсыр нобэ кьыщыхэІуахьм, Парламентым и ищхьэ палатэм и унафэщІ къулыкъым яГъэувну къагъэлъэгъуэ Матвиенкэ Валентинэ сенатор псоми зэакъылэгъуу Іэ хуаІэтащ. Валентинэ Иван и пхъум дзыхь зэрыхуащІымрэ абы бгъэдэль эфІэкІыныхуэм и хьэтыр зэралъагъумращ ар зи щыхэтыр. И къулыкъым тету къэралымрэ абы щыпсэу цІыхубэмрэ яхуищІам щхьэкІэ, ди Президент Путин Владимир «Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр Матвиенкэ мэлыжьыхым хуигъэфэщауэ щытащ.

Матвиенкэ Валентинэ Федерацэмкіэ Советым и спикеру 2011 гъэм щегъэжьауэ мэлажьэ, 2014, 2019 гъэхэм щІэрыщІэу хахьжауэ щытащ. А зэманым кьриубыдэу, Валентинэ Иван и пхъум Урысей Федерацэр нэхъ лъэщ хъуным, урысей щІыналъэхэм заужьыным, къэралыгъуэм и кьарум зиузэщІыным, парламентым и лэжьыгъэмрэ хабзэр уфэныкъымрэ ди къэралым зыщагубгъуным хэлъхьэныгъэхэр хуищІащ.

Жыжьэ плъэф политик Іущу, и гур цІыхухэм яхуэзІухауэ зэрыщытым и фІыгъэкІэ, Валентинэ Иван и пхъум хуэфащуэ пщІэшхуэ кІэ кьыхэзрагъэпэщакІэщ медицинэм епха Іуэхущ Іапі э 200-м нэс, иджыри 90 проектыщІэм хагъэхьэну я мурадщ. КІуэкІуэ Казбек министрым унафэ хуищІащ а Іуэхур зэфІэгъэкІыну.

ПроектыщІэм гулытэшхуэ хуищІынущ гу зэрыфхэмрэ льышхымрэ пэщІэтыным, Іэшагъэлъэм я зэфІэкІыр хэгъэхъуэным, медицинэ къудамэр бжьыгъэр зи тегъэщІапІэ Іэмэпсымэхэмкіэ уэзэдным.

«Дэ ди мурадщ икІэщІыпІэкІэ яГъуэт медицинэ дэІэпыкъуныгъэри едгъэфІэкІуэну. Республикэм и клиникэ сымаджэщым дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и къудамэщІэ къыщыхэІутхыну зыдогъэхьэзыр, - щетх Іэтащхьэм и телеграм-каналым. - Иджыпсту гулъытэшхуэ зыхуэтщІ «Унагъуэ» цІыхубэ проектым ипкъ итКІэ сабий поликлиникэхэр, перинатальнэ центрхэр Іэмэпсымэщ Іэкіэ кьызэдгъэпэщын ди гугъэщ, гулъытэ нэхъыбэ хуэтщІыну ди мурадщ унагъэщІэхэм бын кьащІэхуэныгъэ хуэгъэпсэ пэжьыгъэхэми. А псори Путин Владимир ди пащхьэ кьриГъэува кьалэнхэм, псом я зэпІ цІыхухэр нэхъыбэрэ псэууэ щІыным хуэгъэзащ. 2023 гъэм республикэм а лъэныкъуэмкіэ ику иту кьиГъэлъэгъуа бжьыгъэр илъэс 77,1-м нэсырт, ар Урысейм щыщэкІуэ бжьыгъэм илъэси 4-кІэ щхьэдох (илъэс 73,4-рэ). Узыншагъэр хъумэныр теухуа жэрдэм псоми жыджэру дыхэтынущ».

ТОМЭКЪУЭ Іэдэм.

Ди къуэш республикэхэм

ТыншыпІэр япэ ирагъэщ



МЕЙКЪУАПЭ. ***Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иджыблагъэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Адыгейм къэкІуащ икІи зригъэлъэгъуащ республикэм и къалащхьэм щрагъэкІуэкІ ухуэныгъэхэр зыхуэдэмрэ абы зэрызиужь щІыкІэмрэ. Апхуэдэуи ахэр щыІащ Мейкъуапэ и «Гагарина-1», «Яблоневый» псэупІэ комплексхэм.***

ХУСНУЛЛИН Маратрэ КъумпІыл Муратрэ яІущІащ ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэм. Адыгейм псэупІэхэр щыхуэныкІэ зыхуагъэзэвыжа кьалэнхэр гъэзэщІэным щоужьэрэкІ. Псалъэм папщІэ, иужьрей илъэситхум, 2019 гъэм щегъэжьауэ, республикэм псэупІэу щаухуащ метр зэбгъуэзнатІэ 1854000-рэ, абы щыщу метр зэбгъуэзнатІэ мин 564,4-р 2023 гъэм драшІещ. Ар процент 120-кІэ нэхъыбэщ 2022 гъэм яхуэзэфІэкІам нэхъри. Дыззэрыт илъэсым зэрыщІидзэрэ яухуащ метр зэбгъуэзнатІэ мин 500.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэр щащухуэкІэ кьалэн нэхъыщхьэр - ахэр здэщытыну щІыпІэхэр, ыкІыжэр зыхуэныкъуэкІэ хъуну сыт хуэдэ Іуэхутхьэбзэхэри щагъуэтын хуэдэу, кьызыхуэтынщэу кьызэгъэпэщынырщ, абыхэм зегъэужьынырщ. Иджыпсту апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ Мейкъуапэ кьалэмрэ (ухуэныгъи 5) Тохьутэмыкъуей щІыналъэмрэ (ухуэныгъи 3).

Туристхэр щызэтрехьэ

СЫХЪУМ. ***2024 гъэм зэрыщидзэрэ Абхъазым и гъунапкъэ зэпачащ цІыху мелуани 10-м нэблагъэм. Абыхэм я нэхъыбэр къреубыдэ накъыгъэм и 1-м къыщыщІэдзауэ фокІадэм и кум нэсыху.***

УРЫСЕЙ Федерацэмрэ Абхъазымрэ я гъунапкъэ зэпыхьэпІэхэм деж щыт таможнэ постым иджыблагъэ кьыззритамкІэ, автотранспорт зэхуэмыдзу мелуани 2 хуэдиз, цІыху мелуани 9-м щІигъу абдежым щызэблэкІащ. Нэхъыбэу а щІыпІэм туристхэм кІуэн щыщІадзэр гъэмахуэ лъэхъэнэрщ. Псалъэм папщІэ, накъыгъэм и 1-м щегъэжьауэ Абхъазым и гъунапкъэр цІыху мелуани 6-м щІигъуи, автотранспорту зы мелуаным нэблагъэм, туристхэр зыплъыхьакІуэ кьезышэкІ автобусу мин 30 яхэтыжу, зэпачащ.

Адлер деж иІэ таможнэм гъэмахуэм цІыхухэр щызэтрихьэ хабзэщ. Уеблэмэ, зы махуэм кьриубыдэу адрей зэманхэм абы блигъэкІысфыну цІыху бжьыгъэр гъэмахуэм хуэдиблкІэ нэхъыбэ мэхъу. Апхуэдизкъм деж лъэныкъуитІыкІи кІуэуэ зы жэщмахуэм цІыху мин 71-рэ щызэблокІ, автомобилу - мин 13-м нэблагъэ.

Адыгэбзэкіи къагъэпсалъэ

ЧЕРКЕСК. ***Къэрэшей-Шэрджэсым и къалащхьэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм абазиныбзэкіэ, адыгэбзэкіэ, къэрэшеибзэкіэ, нэгъуеибзэкіэ мультфильмхэр иджыблагъэ щагъэлъэгъуащ, билетхэм щхьэкІэ пщІэ щІамыту.***

«КЪЭРЭШЕЙ-Балъкъэр щэнхабзэ центрым Черкесск кьалэм мультфильмхэр щигъэлъэгъуащ я бжьыгъэкІэ республикэм нэхъыбэу щыпсэу лъэпкъипліым я бзэкэмкІэ кьагъэпсэлъауэ. Мы Іуэхугъуэр япэу едгъэкІуэкІыу аращ; Абы и кьалэн нэхъыщхьэри лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыныр ахэр хъумэныр. Сабийхэм я бзэр яІурылъу къэгъэхьуни и мызакъуэу, ахэр зыщыщ лъэпкъыр, абы и тхыдэр ящІэу щытын хуейщ. Мис иджы апхуэдэ кьалэнхэр мультфильмхэми яГъэащІэ. Ахэр щыкІуэхэм ядоІэпыкъу бзэм и Іэфіыр нэсу зыхащІэныжкІэ, я кьежьапІэр зрагъэщІэныжкІэ», - жиІащ центрым и унафэщІ Батчаев Рустамбэч.

Кьыхэдгъэщынщи, адыгэбзэкІэ яГъэльагъуэ мультфильмыр «Король лев» жьыхуиІэрщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьэн Іэ щІидзэн икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэ, фокІадэм и 24-м
№8-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищтащ 2024 гъэм фокІадэм и 24-м

1-нэ статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №110-РЗ-э 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м кьыщІэІам (правовой информацэм и официальнэ интернет портал (WWW.pravo.ru) и 1-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм «18» бжьыгъэр «19» бжьыгъэмкІэ щызэхъуэкІын.

2-нэ статья

Мы Законым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм фокІадэм и 24-м
№930-РЗ

Урысейм щызекІуэ бжыгъэм фІокІ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущ Іащ республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам. Ахэр тепсэлъыхьащ медицинэм пыщІа Іуэхущ Іапі эхэр «менеджмент зэрыІыгъ» лэжьэкІэм зэрытрагъэхьам кьрикІуэкІэхэм.

ИДЖЫБЛАГЪЭ екІуэкІа VIII урысейпсо щІэныгъэ конференцым Къэбэрдей-Балъкъэрыр а лъэныкъуэмкІэ къэралым щынэхъыфІэхэм хабжащ. Росздравнадзорым хыхьэ «Национальный институт качества» Іуэхущ Іапі эм кьызэрипщытамкІэ, иужьрей илъэсищым кьриубыдэу щІыналъэм щыщ медицинэ Іуэхущ Іапі э 11-м щынагъэншагъэмкІэ дунейпсо мардэхэмкІэ лэжьэн щІадзащ.

ЗэІущІакъэр тепсэлъыхьащ узыншагъэр хъумэным епха Іуэхущ Іапі эхэр цІыхухэм нэхъыфІыжу кьагъэщхьэпэф хъун папщІэ, нэхъ зэлэжьэныгъэхэм.

ЦІыхухэм япэу кьагъэщхьэпэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэр кьэгъэщІэрэщІэжьын программэм ипкъ итКІэ, абыхэм ящыщу пщІы бжьыгъэхэр иджырей Іэмэпсымэкіэ кьызэрагъэпэщащ, кьуажэ пхыдзахэм дэтхэри яхэту.

УФ-м и Президент Путин Владимир кьыхилъхьа «Лъэрызехьэу гъащІэ кІыхь» щІыхьэ проектым кьызэригъэлъагъуэм тету, а лэжьыгъэхэм дяпэкІи пащэнущ. ІэмэпсымэщІэкІэ кьызэрагъэпэщакІэщ медицинэм епха Іуэхущ Іапі э 200-м нэс, иджыри 90 проектыщІэм хагъэхьэну я мурадщ. КІуэкІуэ Казбек министрым унафэ хуищІащ а Іуэхур зэфІэгъэкІыну.

ПроектыщІэм гулытэшхуэ хуищІынущ гу зэрыфхэмрэ льышхымрэ пэщІэтыным, Іэшагъэлъэм я зэфІэкІыр хэгъэхъуэным, медицинэ къудамэр бжьыгъэр зи тегъэщІапІэ Іэмэпсымэхэмкіэ уэзэдным.

«Дэ ди мурадщ икІэщІыпІэкІэ ягъуэт медицинэ дэІэпыкъуныгъэри едгъэфІэкІуэну. Республикэм и клиникэ сымаджэщым дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и къудамэщІэ кьыщыхэІутхыну зыдогъэхьэзыр, - щетх Іэтащхьэм и телеграм-каналым. - Иджыпсту гулъытэшхуэ зыхуэтщІ «Унагъуэ» цІыхубэ проектым ипкъ итКІэ сабий поликлиникэхэр, перинатальнэ центрхэр Іэмэпсымэщ Іэкіэ кьызэдгъэпэщын ди гугъэщ, гулъытэ нэхъыбэ хуэтщІыну ди мурадщ унагъэщІэхэм бын кьащІэхуэныгъэ хуэгъэпсэ пэжьыгъэхэми. А псори Путин Владимир ди пащхьэ кьриГъэува кьалэнхэм, псом я зэпІ цІыхухэр нэхъыбэрэ псэууэ щІыным хуэгъэзащ. 2023 гъэм республикэм а лъэныкъуэмкіэ ику иту кьиГъэлъэгъуа бжьыгъэр илъэс 77,1-м нэсырт, ар Урысейм щызекІуэ бжьыгъэм илъэси 4-кІэ щхьэдох (илъэс 73,4-рэ). Узыншагъэр хъумэныр теухуа жэрдэм псоми жыджэру дыхэтынущ».

ТОМЭКЪУЭ Іэдэм.

Ерыскъы пщтыркІэ къызэрагъэпэщ

Гъэ еджэгъуэщІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджакІуэ цІыкІуу 49907-р ерыскъы пщтыр хэмкІэ курыт школхэм къыщыззрагъэпэщащ. Сабийхэм махуэ къэс хуапщэфі, ирагъэшх ерыскъыр зыхуэдэм теухуа хъыбархэр адэ-анэхэм къащыхуэгъэтынущ я быныр щеджэ курыт еджапІэм интернетым щиІэ сайтым и «Ерыскъы пщтыр» напэкІуэцІым.

ЕДЖАКІУЭ цІыкІухэм я Іэнэм нэхъыбэу щыпІалъагъунущ хадзэкІэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ, лым, бдзэжьейм кьыхэщІыкІа шхыныгъуэхэр, шэ, щэхэкІэр, щІакъуэхэкІэхэр. ИтІанэ, зы махуэм япщэфІа шхыныр етІуанэ махуэм яГъэхьэзырыжьыркъым. Сабийхэм ирагъэшхынур кьыщащхэр ерыскъым ехьэлІауэ щыІэ къэпщытэныгъэ псоми пхрыкІа Іуэхущ Іапі эхэм я дежщ. Лымрэ дждэкъазылымрэ ветеринар дэфтэрхэр я гъуэсэн хуейщ.

ТОМЭКЪУЭ Іэдэм.

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зы цІыхум икІи цІыхухэм я социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр зыхуэдизыр гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2024 гъэм фокІадэм и 13-м ***Налшык къалэ*** ***№142-ПП***

«Урысей Федерацэм цІыхур щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм и Іуэхукіэ» 1997 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къыдэкІа федеральнэ закон №134-ФЗ-ым и 4-нэ статьям и 3-нэ пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №95-РЗ-уэ 1999 гъэм мазаем и 20-м къыдэкІам и 16-нэ статьям и «ж» пунктым япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщІэщыжьыныгъэмкІэ и министерствэм къыззэрылъхьам тету 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр зы цІыхум тещІыхьауэ - сом 18974-рэ, лэжьафэму цІыхухэм - сом 20682-рэ, пенсионерхэм - сом 16318-рэ, сабийхэм - сом 18405-рэ хъуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

● Ди псэупІуэхэр

Зэчийр зыщІыпІи пхуэхьынукъым

«Нэхъыжь Іущрэ дохутырэр уимыІэу упсэуфынукъым», - жаІэ. Къэбэрдей-Балъкъэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, къулейщ дохутыр Іэзэхэмкіэ. Абыхэм ящыщщ Республикэ щыналъэ клиникэ сымаджэщыи и унафэщІыим хирургемкІэ и къуэдзэ Шэрдан Зураб. КъызэрымыкІуэ операцэ хьэлъэхэр дзыхь зыхуащІ, икІи ахэр фІыуэ къызэхъулІэ, а Іэщіагъэм хуалъхуауэ зыхужаІэ, щытхъушхуэ зыхуагъэІу дохутырыр зэдгъэщІыхуну дыхуэзащ иджыблагъэ.

- Зыгуэрым дохутырыфІщ щыхужаІэкІэ, ар ялэ классым зэрыкІуэрэ, Іэмал имыІэу, фІы дыдэу еджауэ, щІэныгъэм тегупІауэ къэтэджауэ си нэгу къыщІоувэ. Уэри апхуэдэу дохутыр Іэщіагъэм уэзрыхуэхІуар, Зураб?

- Сэ курыт еджапІэм сыщыщІэсыщІэфы дыдэу седжауи щапхъэу сыкъэхьу зэпІэззэрыту сыщытаци жыпІэ хъунукъым. Сыщыщыкъм сыкъуейщІейт, ещхэнэр си щІасэтэхьыпІи, зы школым сыкъыщІагъэкІым адрейм сыкІуэу, «3» защІэкІэ 9-нэ классыр кьызагъэхуащ.

- ЩІэныгъэм зезыгъэужауэ Эйнштейн, Эдисон, Менделеев сымэ «3» защІэкІэ еджэу, къуейщІейуэ щытауэ къыхощыж тхыдэм. Урысей нейроилингвист, псантхузэм пыщІащІэныгъэхэмкІэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Черниговская Татьянэ зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэхэр нэхъ зэчиифІэщи, абы «къурихуэкІыу» аращ щІэкъуейщІейри.

- Сэ срищапхъэщ цІыхум и гупсысэм зэуэ зэрызыкъридзэкІыфым. 9-нэ классыр къэзуха нэужь си гупсысэкІэм зихуэжащ, еджэну, Іэщіагъэлі Іэзэ сыхъуну сыхъуэпсащ. КъуейщІеиныр зэгъуэныщ, Бахьсэн и 6-нэ курыт еджапІэ сыкъыщыщІагъэкІам и згъэзэжрэ, «5» защІэкІэ къэзухьжащ икІи 2002 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр университетым медицинэмкІэ и кІудамэм сыщІэтІысхьащ. Ар 2008 гъэм къэзухри, медицинэмкІэ Санкт-Петербург щІэ академиемкІ илъэситІкІэ ординатурэм сыщеджащ. 2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзгъэзэжащ икІи поликлиникэм лэжьэн щыщІэздзащ сабий сурдологиемкІэ дохутыру. А илъэс дыдэм клиникэ сымаджэщым дохутыру сыкъащтащ. Абы и мызакъуэу, Прохладнэ къалэм дэт сабий поликлиникэм дохутыру, республикэм и щІыналъэ клиникэ сымаджэщым жэщ дохутыру, КъБКъУ-м медицинэмкІэ и кІудамэмрэ «Призвание»-мрэ егъэджакІуэу, 2013 - 2019 гъэхэм клиникэ сымаджэщым и ЛОР кІудамэм и унафэщІу сыпхъэщащ, 2014 гъэ пІэндэрэ Уэзыншагъэр хъумэныжмкІэ КъБР-м и министерствэм и штатым хэмыт отоларинголог нэхъыщхьэ сащІащ, 2015 гъэм Мечниковым и цІэр зезыхьэ медицинэ академием и аспирантурэм сыщІэтІысхьри, илъэси 4-кІэ сыщеджащ, 2019 гъэм щыщІэдзауэ сымаджэщым и унафэщІым хирургиемкІэ срикъуэдзэщ.

- Дауэ уеплъэрэ, Зураб, медицинэ и лъэныкъуэкІэ республикэм и Іуэхур сыт хуэдэ?

- Си еплъыкІэ кьудей мыхьуу, къэпщытэныгъэхэм якъэзрагъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэр Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, Урысей Федерацэм нэхъ лъэщ дыдэу щыІэхэм ящыщщ. Псалъэм папщІэ, мыбы щыдогъэкІуэкІ Урысейм япэу дыдэу щагъэзащІэ операцэ хьэпІэхэр: нейрохирургиемкІэ, травматологиемкІэ, хирургиемкІэ. Къупщхьэ зэрытпІэхэр зэхъуэкІыныжмкІэ екъуІэнигъэшхуэхэр зэдгъэгъуэтащ. КъищынэмыщІауэ, ковидым зыщІигубгъуэуэ щыта лъэхъэжэм сымаджэщхэм я лэжьыгъэ зэхэгъэшъхьукІауэ, зэпэщІэхауэ зэтеублэнэр къыкъэзыпхъари, ар псынщІэу къыззэзыгъэпощари ди министрыбжьэ дохутырэмращ. Мыбдеж гу лъытэну сыхуейт узынщагъэр хъумэныжмкІэ КъБР-м и министр Кьалэбатэ Рустам лэжьыгъэшхуэ зэрырирэкІуэкІыр. Сыт хуэдэ щІыналъэ, хъалэ, кьуажэ ирехъу, зи лэжьыгъэм ар щымыгъуаззу зы медицинэ Іуэхущ Іапіэ щыІэжьым республикэм. Дохутырхэм ялъэкІыр кІиныщытэу, псори зригъэщІихуу, Іэмпэсымэкіэ къыззэригъэпэщу и кІуалыкъур ирехьэкІ. Арагъэнщ адрей щІыналъэхэм я закъуэ мыхьуу, УрысеймкІи къикІыуэрэ сымаджэхэм мыбдеж зыщІыщагъэкъужыр.

- Пэжу, сымаджэщ къэс интернетым нэпэкІуэщІ щалэщи, ирагъэкІуэкІ операцэхэри, ялэжьри, я екъуІэныгъэхэри къралъхьэ. ЦІыхуэхэм абыхэм хуиту зыщагъэгъуазэ.

- Дохутырхэм ялэжьым и зы Іыхьэ мащІэ дыдэщ интернетым къралъхьэр. Ауэ, къытызогъэзэжри, ди медицинэр и пІэм иткъым, ар фІыуэ ипэкІэ кІуэтащ, зиужь зэпытщ.

- Мызэ-мытІэу гу лъыстащ мыпхуэдэ Іуэхугъуэ... Сымаджэ хьэлъэ зиІэхэм ди дохутырхэм абы хуагъэувэ диагнозымрэ ирахьэлІэ хущхъуэхэмкІэ кьалащхьэ дохутырхэм ечэнджэщу, зрагъапщэу. Нэхъыбэми, ди дохутырхэм къыщотхъу Москва, Санкт-Петербургкіэ щыІэ щІэныгъэлІхэр.

- Сымаджэм и Іыхьлыхэм я дежи нэдгъэсыркъым апхуэдэ Іуэхугъуэхэр. Сымаджэр тфІэхьэлъэмэ, кьалащхьэ щІэныгъэлІхэм, дауи, захудогъаз. «Мыпхуэдэ диагноз хуэдгъуэващ, мыпхуэдэ хущхъуэхэр идохьэлІэ, зыгуэр кьыхэфлъхьэфыну?», - жьитІуэрэ, эфир зэнщІэкІэ запыдощІэри, дочэнджэщ. Апхуэдэу, илъэсым кьриубыдэу клиникэшхуэхэм 200-м щІигъурэ захуэдгъэзащ, ди клиникэ сымаджэщым район сымаджэщхэр 70-м нэблагъэ кьыдэчэнджэщащ. Районым Іуэхур щІэзэфІэмыкІыну къэтпытэзмэ, сымаджэр кьыдогъашэ. Апхуэдэ дыдэу, дэри сымаджэр тфІэхьэлъэмэ, нэгъуэщІ кьалэхэм идогъашэ.

- Аспирантурэр къэбухащ хаджкІэ. Кандидат лэжьыгъэ пхыбгъэкІыпхъэщ?

- Кандидат лэжьыгъэр хъэзырыххэщ, ВАК журналхэм тхыгъэ 20-м нэс къытрезгъэдзащ, ауэ пхыгъэкІыну сыхунэсакъым. Іэмал имыІэу пысщэжынущ, ар утыку кьиэмыхьэу къэзгъэнэнукъым, дяпэкІэ и Іуэху зесхуэну си мурадщ.

- Сытым дежи сфІэгъэщІэгъуэнщ зы Іуэхугъуэ. Дохутырым цІыху куэд и нэІэм щІокІ, куэд елъагъу. Абыхэм языхэз гукъинэ хъурэ, зэи пщымыгъупщэжыну?

- Дохутыр псоми кьабгъэдэкІыу жьысІэмэ, пцІы супсыну къыщІэкІынкъым... Дохутырым игу кьинэр цІыхуэм и теплъэраХьыи, атІэ и фэбжьымрэ ар зэригъэуэта щыкІэмрэщ. Илъэс бжьыгъэ дэкІуэри сэ цІыхур кьыскуэцІыхьужынущ игъуэтауэ щыта сэкъат кІыжам сыпуплъэмэ. И нэкІур сщІэжынукъым, ауэ си Іэм идыжар згъэгъуащэркъым.

Епсэльар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Дзэм къулыкъу щызыщІа дэтхэнэм дежкІи ар гуимыхуж зэманщ. Абы шэч хэлъкъым. Сэ армэм сыщрадджауэ щытар 1972 гъэрщ, Налшык къалэм дэта политехникэ техникумыр къэзуха нэужькІ. Унэм драшри, Анапэ къалэм махуипщІ хуэдизкІэ дыщалыгъауэ щытащ ипэщІыкІэ. Абдежым сэлэт щыгъынхэр щыщІидагъэтІэгъащ, ди къулыкъур Польшэм зэрыщетхъэкІынри къыджаІащ.

● Гукъэкіыжхэр

БЕЛОРУССИЕМ и Брест къалэм дызэрыпсэу, дызэрыса мафІэгум дыкърагъэкІри, и шэрхъэр зэрахъэкІащ - хамэ къэралхэм я гъущІ гъуэгуэгур тІэкІу зэрынэхъ Іуэзм къыхэкІыу, дыдейм щІэлъэхэр абыхэм ейм хуэкІуэрэтхьам. Пажьыгъэхэр щекІуэкІ щыпІэм пэгъунэгъуэ дыщытт, дыкъыІуКІыу къытхуадэртэкъыми.

Брест нэс ди гъуэсу нэкІуа офицерхэм дратыжащ кьулыкъу щытщІэну Польшэм щыІэ частхэм къикІа унафощІхэм. Ауэрэ дызэдэщІытым, гу лъыстащ абыхэм ящыщ зым сызэрызэпиплъыхьыпэр. ИужькІэ къызбгъэдыхьэри, си унэцІым щІэунащІащ. Хэтхэ сащыщми щыжесІэм, къызэупщІащ: «Уи къуэш нэхъыжь дзэм кьулыкъу щрихьэкІыу Польшэм щыІэ?»

Си шынахъыжьыр илъэсым нэблагъэуэ абы зэрыщыІэр щыжесІэм, Іэплі къысхуищІащ. Си къуэшым и гъуэсу Польшэм щыІэу арат ар. Абдежми кьыщыжиІащ ахэр здэщыІэ частым сэри сызэрашэнур. Апхуэдэ хьыбарыфІ зэхэпхауэ ужежфынт?! Гъэзу дыздытетым, нэху щыху си напІэр зэтезмылъхьэу сыкъэлъащ, къызэуэлІа насыпыр зыхуэсхьынур сымыщІэу.

Пщэджьжьым гарнизоным дызэрынэсу, псори маІэгъум дыкърагъэкІри, дарэгъэвкІащ. Махуэр зыгъэзгъуэм техуат. Дзэм кьулыкъу щызыщІэхэри зэрыгъэкІэри зэру абдеж щызэхуэсауэ кьыптэплъэрт, оркестри кьашауэ макъамэ мыпсоми кьеуэрт. Куэд дэмыкІыу, тпэмыжьижьэу щыта сэлэт гупым зыщыщІлІ кьаехьІри, ди дежкІэ кьаунэтІащ. Кьыпхэпхьауэрэ ахэр здрикІуэм, нэхъ гъунэгъу кьызэрысхуэхъуу, си кьэушыр абыхэм кьахэсцІыкуКІащ. СыгуфІащэри, сегуоуащ.

ПащІэ дахэ игъэкІауэ, фащэ щыгъри екІуплу апхуэдэт ар, сержант нагъыщэри и дежьэ. Сэ иджыри зы илъэс сиІэжт абы щыгъуэ.

ДыздэщыщІэ частым щІэкІыгъэм хьыхьэт танкым и такІикэ-техникэ зэхэлъыкІэр зэдгъэщІэныр, ар зедгъэкІуэныр, топографием дрилэжьэфу, танкыр жьщми махуэми топышэкІэ дгъэауэу зедгъэсэныр, связым хэтщІыкІыныр, нэгъэщІхэри.

Мис апхуэдэ дерсхэм я фІыгъэкІэ сэ къэсщІащ «Т-64» танкым и зэфІэкІкІр здынэсыр. 1972 гъэм абы нэхъ нэхъ лъэщ, къыпэхъун дуней тетакъым. КилометритІкІэ пэжьижьэу щыт сыт хуэдэ гъущІ техникэми ІэтащІэу щыта Герек Эдвард сльагъэну. Польшэм Іэщэкіэ зэщІэуэзда и къарухэм я министр, иужькІэ и къэралым и япэ президент хъуа Ярузельский Войцех и гъуэсу щыІащ. Абыхэм ящыгъут Польшэм щыІа советыдзэм и унафэщІ, генерал-полковник Танкаев Магомед, нэгъэщІхэри (суратым).

Польшэм и сэлэтхэм я псэукІэр, дзэм кьулыкъу зэрыщащІэ щыкІэр зэдгъэльагъуну дашауэ щытащ зы часть гуэрым. Зыщытплъыхьащ я шхапІэм, щыжей пэшхэм, нэгъэщІхэми. Сэ тельыджэ сщыхъуат абыхэм ящыщ зы сэлэтым и гъэупыпІэм деж кьыщыт тумбочкэ щыкІым пиво банкІ дэту щытлъэгъуам. Ар зэрызгъэщІэгъэнэр сщІэртэкъым. Ди дежьэ апхуэдэ кьыщыхъуныр уи нэгу кьыпхуІэгъэхьэнутэкъым, ар кхъэхъукъащІэ мыхъумыщІэ гуэру кьалъытэнут, абы щхьэкІи тезырыщхэу угъэхьынут. ДыкъэкІуэжа нэужь, ди замполитым сеупщІащ, ар дауэ, жьесІэри. Зыми дызэхамыхьн хуэдэу дыкъыІуКІуэтри кьызжиІауэ щытащ, Польшэм и армэр зэрымыхьэнэншэр, я правительствэри щІыхуэхэр абы зыкІи зэрыщІымыгугъэхэр, атІэ къэзыхъумэну кьалъытэр дэрауэ.

Сытми, мис апхуэдэурэ си кьулыкъур и кІэм нэсыху ехьэкІри, 1974 гъэм ди унэ сыкъэкІуэжащ. Нобэр кьэзгъэсми сропагэ дуней псом щІэнэхъ лъэщ Совет Союзым и армэм ильэситІкІэ сызэрыхэтам, кьулыкъу зэрыщІам, танкисту сызэрыщІам, нэхъ лъэщ дыдэу щыІэ «Т-64» танкым сызэрисар. Си ныбжьыр илъэс 20 хъууэ арат танк, экипаж и гъуэсу, дзыхь кьыщыхсхуащІам. Ар си дежкІэ пщІэхъуэт. Сльэкі кьэзгъэнакъым си пащхьэ кьраГъуэва кьалэнэхэр екІуу, дагъуэнщэу зэфІэха хьун щхьэкІэ. Ар зэрысхуэзфІэкІами нобэр кьызэдсыи сроГушхэу.

Дэтхэнэ зы зауэ зэпэщІэуэвэныгъэми танкыдзэм щІэупщІэ щІиэнуц, ар хэмыту зауэ пхуегъэкІуэкІынукъым. Абы и мыхьэнэр зыхуэдизыр наІуэ зауэшхуэм щыгъуэ. Нобэ танкым и пщІэр нэхъ лъахъшэ къэхъуакъым.

ДЖАУРДЖИЙ Анорбий.

Нобэр къыздэсым срогушхуэ

Джылахъстэнейм япэу щІедзэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэм ящыщу Тэрч районым и мэкъумэшыщІэхэр бжьыхьэсэм япэу пэрыхьащ. Иджыпстуклэ ар щыхэщІащ тектар мини 3-м. Бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэм я жьлапхъэу къагъэсэбэлъэр фІагъ лъагэ зиІэхэрщ, щыгъэпшэрхэри Іэмал имыІэу халъхьэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и щІыналъэхэм псоми бжьыхьэсэм щыщІадзэнур жэпуэгъуэм и япэ махуипщІырщ. Мы гъэм абы хуэхьыну я мурадщ гектар мин 65-рэ, ику ину илъэс къэс къагъэсэбэпри аращ. Бжьыхьэсэм и процент 70-р гуэдзым, процент 20-р хьэм иратынущ, адрей кьанэр рапсым, Іэщым ирагъэшхыну кьэкІыгъэ щхьуантІэм, нэгъуэщІхэм хуэхахынщ.

«Россельхозцентр»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ кІудамэм кьыззэритамкІэ, бжьыхьэсэр тэмэму ирагъэкІуэкІын папщІэ жылапхъэу тонн мин 15 хуэдиз республикэр хуеинущ. Абы щыщу тонн мин 13-м нэблагъэр гуэдз жылапхъэу щытынущ.

ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Палестинэм и къэралыгъуэр яухуэмэ

Тыркум и Президент Эрдоган Реджеп Тайип ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэ щІэныгъэныгъэпсалъэм, дунейпсо зэгухьэныгъэхэр игъэкъуэншащ Газэм зыкІи зэрызыщІамыгъакъуэмкІэ.

- Газэм сабищэкэр щыхэкІуадэ щІакхъуэ Іыхьэ, хьэнтхъупс фалъэ зэрамыгъэхэр къыхэкІыу. СынывоупщІ хуитныгъэхэр зыхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм: Газэм, Къухьэпіэ Іуфэм щыпсэуэхэр щыхуу къэфлъытэркъэ?! Израилым «ИукІа» журналистхэр прессэм и дунейпсо зэгухьэныгъэхэм фи лэжьакІуэкъэ?! Сыт фызэжьэр? Щхьэ зыри фымыщІэрэ, Палестинэм и щІыхубэр зыхэкІуадэ зауэр увыІэн папщІэ?! - жиІащ Тыркум и пашэм.

Газэ секторым икІа ракетэкІэ Израилым теуауэ щытащ 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м. Абы иужь, Палестинэм и ХАМАС зэщІэхъеенныгъэм и зауэлІхэр гъунапкъэм ихьэри, щІыху 200-м щІигъу яубыдат, миным щІигъу хэкІыдат. Израилым и дзэм Газэм щрихъэкІыжкІэн щІидзэ операцэм ипкъ иткІэ, псыр, электрокъарур, гъэсныпхъэр, ерыскъыхэкІэхэмрэ хущхъуэхэмрэ Газэм Іэрымысхьэу ищІащ. А щІыналъэр щытыкІэ гугъу ихуащ.

УФ-м нэгъэщІ къэралІуэхэмкІэ и министерствэм лъэныкъуитІыр къыхуриджащ зауэр къагъэувыІэну. Ди щыхьэрым къызэрыщІалъытэмкІэ, ахэр щызэгурыІуэжьфынур ООН-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым игъэбелджылам тету, Къуэкіпіэ Иерусалимым и щыхьэрыр щыІэу Палестинэ къэралыгъуэр яухуэмэщ.

Илъэс 70 хъуамэ

Урысейм и Президент Путин Владимир Къэрал Думэр хэплъну къыхилъхьащ Следствэмкіэ комитетым и унафэщІ къулыкъум пэрыт цІыхум и ныбжьыр илъэс 70 иритхуэ нэужь, и лэжьыгъэм пищэну къэрал Іэтащхьэм Іэмал зэрыритыным теухуа законопроектыр.

«СледствэмкІэ комитетым и унафэщІыр илъэс 70 хъуа нэужь, и къулыкъум зэрыпэрыт пІалъэм хупищэну Іэмал иІэщ Урысей Федерацэм и Президент-ым. Гъэгъэщащ федеральнэ законым и проектым.

Фокіадэм и 26, *махуэку*

♦ **Ядернэ Іэщэр гъэкІуэдыжьпэным щІэбэныным и дунейпсо махуэщ**

♦ **НэгъэщІ къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ**

♦ **1947 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, публицист, КъБР-м щІэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм адыгэбзэмкІэ и кІудамэм и унафэщІ **Джэрыджэ Арсен**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщІещхьынущ, мазэм хуабэр градус 15 - 16, жэщым градус 15 щыхьэнущ.

Фокіадэм и 27, *мэрем*

♦ **Туризмэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **Гъэсакіуэхэмрэ зы школ кІуэгъуэ мыхъуахэр щапІ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ я махуэщ**

♦ **1933 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэщхъуэжь Раисэ**.

♦ **1965 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Анзор**.

♦ **1967 гъэм** къалъхуащ модельер цІэрыІуэ, химие щІэныгъэхэмкІэ кандидат **ХьэцІыкіу Мадинэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщІещхьынущ, мазэм хуабэр градус 14 - 17, жэщым градус 13 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хабзэр бзэгупэкІэ кърахьэкІыркъым.

2024 гъэм и щыщхьэуІум Къэбэрдей-Балъкъэрым инфляцэр, илъэс пІалъэкІэ къэбгъэлъэгъуэмэ, процент 8,1-рэ хъууэ къагъэлъэгъуащ, бадзэуэгъуэм ар процент 7,94-уэ щытащ. Кавказ Ищхьэрэм я бжьыгъэхэр процент 10,25-рэ, къэралым – процент 9,05-рэ щохъу, къытащ иджыблагъэ Урысей Банкым и кІудамэу КъБР-м щыІэм.

ШЫЩІХЬЭУІУМ инфляцэм щІыхьэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къалъытащ языныкъуэ ерыскъыхэкІхэм я куэдгъэсын зэрыкІэрыхуар, сату щыпІэхэм зэрыщІымэщІар, ахэр кьыщІэзыгъэкІэмрэ къезышалІэхэмрэ я зэран хэлъу.

Псалъэм къыдэкІуэу, илъэс пІалъэкІэ къэбгъэлъэгъуэмэ, щыщхьэуІум ерыскъыхэкІхэм я суэхэм процент 0,47-кІэ зиІэтри, псори зэхэту процентри 10,72-м ар зэрынэхьэсащ. Нэхъыбэу «зи фІыгъэри» хадэхэкІхэрщ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм егъэлеяуэ дунейр щыщхьэуІум зэрыщыхуэбарщ. Ялэрауэ, нэгъабэ еІыытауэ, сату щыпІэхэм къращэлІа хадэжькІэхэм я куэдгъэсым фІыуэ кІэрыхуащ. Абы нэмыщІ, мэкъумэщ Іуэхущ Іапіэхэм лэжьапщІэхэм, жылапхъэхэм, псы щІэгъэлъэдэным, щыгъэпщэрэм я уасэхэм щыхэхъуащ.

ЕрыскъыхэкІхэр къыщІэзыгъэкІ язныныкъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ІэщагъэлъэкІэр зэрахуримыкъум ящыхэкІыу, мыдрей лажьэхэм я упахуэм хухагъэхъуащ. Абыхэм трагъэкІуэда мылькур къыщІахьыжьи е ар ямыгъэкІыждын папщІэ, я продукцэхэм я уасэм хагъэхьэжащ. Аращ Іэфыкіэхэкіхэм, гъэшхэкІхэм я уасэр, илъэс пІалъэкІэ къэбгъэлъэгъуэмэ, бадзэуэгъуэм елъытауэ щыщхьэуІум щыщдзкІуеяр.

Апхуэдэу щыхъукІи, ерыскъыуэ щымыт продукцэхэм, Іэхэпыпхэм я уасэм мазэ кІуам процент 0,3-кІэ кІэрыхуащ икІи ар процентри 4,52-м нэсащ.

Илъэс пІалъэкІэ къэбгъэлъагъуэмэ, бензиным и уасэм хэмыхъуэу къэувыІащ. Ар къызыхэкІар къэрал кІуэцІым гъэсыныпхъэхэм я уасэр щыщхьэуІум зэрыщыдрамыгъэкІуеярщ, нэгъабэ еІытауэ. Абы нэмыщІ, мазэ кІуам и 1-м кьыщыщІэдзауэ гъэсныпхъэхэр экспортым ямыгъэкІуэну щыІа унафэми и сэбэп екІащ. Апхуэдэ Іуэхуэм бензин уасэр зэпІэззэрыт ящІащ.

Хущхъуэхэм я уасэкэр къыщІызэтеувыІар ахэр къыщІэзыгъэкІ фармацевт компаниехэм я продукцэхэм я куэдгъэсым зэрыхагъэхъарщ.

ЩІыналъэм цІыхухэм щыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэми, илъэс пІалъэкІэ къэбгъэлъагъуэмэ, процент 0,41-кІэ хэхъуащ икІи псори зэхэту процентри 9,26-рэ хъуащ. Хамэ къэралхэм зыщызыгъэпсэхуну кІуэхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэми хэхъуащ, апхуэдэхэм щІэупщІэ зэрапэм кьыхэкІыу.

2024 гъэм щыщхьэуІум Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІэ инфляцэр, зэманым елъытауэ зи уасэкэр щІэх-щІэхьурэ яхъуэж хьэпІыпхэр, ерыскъыхэр, Іуэхутхьэбзэхэр хэмыту, процентри 7,13-рэ хъуащ, бадзэуэгъуэм щыІар процентри 7,09-рэщ.

ТОМЭКЪУЭ Іэдэм.

Куэдым елъытащ уасэр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Жылагъуэ

Къалэ телъыджэхэр

ГъащIэм зехъуэж. Зы лIэщIыгъуэ къудей ипэкIэ дунейм и цIыху псоми я процент 70-р ухъажэхэм щыпсоурт. Ауэ ныкIэ абыхэм щIадзащ къалэхэм зэрыхьу. Арати, 2007 гъэм ирихьэлIэу къалэдэсхэм я бжыгъэр ялэ дыдэу къуажэдэсхэм яйм щхьэпрыкIащ. Еджагъэшхуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, 2050 гъэм зыкIэщIэу цIыхухэм я процент 75-р къалэдэсу щытынщ. Абы къокI, мащIэми куэдми, иджыри меларди 2,5-м зыщIэсынухэр хуаухуэн хуейуэ.

ДЭНЭ А къомыр здахьынур? Шэч хэмылту, къалэдэсхэр зэщдгъэкIуэтэнущ. Ауэ сыт хуэдизкIэ? Нобель и сауГъэтыр экономикэмкIэ 2018 гъэм зрата Ромер Пол къелъытэ апхуэдэ щыкIэкIэ мы Iуэхур пхуэзфIэмыхьну. И пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху къалэщIэхэр яухуэн хуейщ – аращ абы хэкIыпIэу ильагъур. Щапхъэуи къехь Китайм и Шеньчжень къалэр, нэгъэщIэхэр.

Аэрэи, дяпэкIи яухуэнухэри сыт и пIэныкъуэкIи къащхьэщокI иджы щыIэхэм. Сыт хуэдэу аэрэ иджыпсту зэрыщытыр? ЦIыху куэд дыдэр пщэдджыжь къэс къалэкум лжьакIуэ макIуэ Гъэугуанэшхуэ зэпачу, пщыхьащхьэкIэрэ ещхьыркъабзэу къалэ Гъунэм е нэхъ щыпIэжыжьэм ягъэзэж. Зэрыгурыгъуэщи, гъуэгуэхэм автомашинэхэр щызэтрехьэ зэманышхуэ яфIигъэкIуэду. Абыи и закъуэкъым: а щытыкIэм цIыхухэм псэуныгъэкIэ зэхуэмыдэжьгъэ яку дэлъынкр къешэ – къалэкор къулейщ, дахэщ, тыншыгъуэхэм хуэщIащ, ауэ тIэкIу узэрыIукIуэту абы псори нэгъэущIщохъуэ. АтIэ дяпэкIэ яухуэнухэм куи пхыдзаи ямыIэу псори щызэхуэдэнущ я зэфIэкIкIэ.

ГъэзугущIэхэр зэраухуэр хъарэшнэщ, ауэ автомобилхэри нэхъыбэж мэхъу. Зи гугъу тщIы къалэхэм уней автотранспорт щагъэIэжьынукъым, ахэр щызэрахъуэжьынущ псоми къезэгъ транспорт тыншым, лъакъуэрыгъажэхэм, электросамокатхэм.

Иджыри къэс къалэхэм ящэрыскъыхэмрэ абыхэм ящыдаш кIэрыкубжьэрыхуэр, пхъэнкIийр. Апхуэдэу щытыжьинукъым: къалэм еdisplaystyle ямыгъэкIыжу щыIэ псори щызэхуэдэнущ я зэфIэкIкIэ.

ГъэзугущIэхэр зэраухуэр хъарэшнэщ, ауэ автомобилхэри нэхъыбэж мэхъу. Зи гугъу тщIы къалэхэм уней автотранспорт щагъэIэжьынукъым, ахэр щызэрахъуэжьынущ псоми къезэгъ транспорт тыншым, лъакъуэрыгъажэхэм, электросамокатхэм.

Иджыри къэс къалэхэм ящэрыскъыхэмрэ абыхэм ящыдаш кIэрыкубжьэрыхуэр, пхъэнкIийр. Апхуэдэу щытыжьинукъым: къалэм еdisplaystyle ямыгъэкIыжу щыIэ псори щызэхуэдэнущ я зэфIэкIкIэ.

«Къалэм хэт къалэ» - апхуэдэ пщалъэм тетынущ Китайм и Шеньчжень къалэм щекIуэкI ухуэныгъэр. Жыгтэнщи, псынщIэу зызыужь езы Шеньчжень щаухуар 1979 гъэрщ икIи абы щыпсэухэм я бжыгъэр щыху мелуан 17-м щIигъуакIэщ. А жьлэшхуэм я лъабжьэр зыуэ унитI зэрыубыда дащIыхь, дэтхэнэми метр 396-рэ и лъагагъуэ. ТIуми зэхэту цIыху мин 300 щыпсэунущ икIи щыпсэжьнущ. Я кIэщIхэм итщ Iуэхущ1апIэхэр, хьащIэщхэр, псэупIэ хьэблэхэр, тыкуэнхэр, къызэракIуэ транспорт, жыг хадзэр, паркхэр. Унэхэм я «щыфэм» зэхуэхьэс езыхэр зрикъуну электрокъарур. Ухуэныгъэр 2027 гъэм зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщIар щIым тет къалэхэрщ. Абыхэм къащхьэщыкIыу Мальдивхэм псэупIэхэр зыщытращIыхьынур...псырц.

Еджагъэшхуэхэм зэрыхуэгъэфащэмкIэ, 2100 гъэм ирихьэлIэу Дунейпсо хым зы метр хуэдизкIэ зиIэтынущ. Абы къокI Мальдивхэм псыр къащIэуэну – а хьатIыгуэхэм я процент 80-р хым нэхъыбэ зэрынэхъ лъагэр зы метр кудейщ. Къэралыр кърагъэлIн папщIэ 2022 гъэм властхэр яужь ихьащ Псым щIе къалэ ухуэным теухуа проект ягъэзащIэну. Къуапих зиIэ пкъыгъэхэу псым тетхэм унэ минитху хуэдиз тращIыхьынущ. А пкъыгъэхэр мы зэманым щагъэхьэзыр кхъухь щащI заводхэм, иужькIэ яшэнущ ухахэ щIыпIэм. Пкъыгъэхэр тенджьэ щIагъым егъэбыдылIауэ щытынущ. Абы Iэмал къытынущ къалэр толъкъунхэм мащIэу щIаупскIэу псым тетыну.

ПсэупIэхэм къадэкIуэу мы бы щIэнущ ресторанхэр, тыкуэнхэр, школхэр, н.кь. ЗэкIэ цIыху мин 20 хуэдиз щыпсэунущ къалэм. Мыбы щыпIьагъунукъым уэрамхэри, автомашинэхэри, езыр зэрыкъуэнури метр 200-кIэ зэпэщIэха унитI къудейщ, дэтхэнэми метр 500 и лъагагъуэ. ЗэрыщыкIуэкIуэнухэр мафIэгу щIыпIэ хэмкIэщ. Къалэм и зы кIапэм уикIыу адрейм унэсыным теКIуэдэнур дакъикъэ 20-щ.

Мы зэманым щIыпIэм щIыр щагъэхьэзыр. КъалэщIэр ухуэным ехьэлIа лэжьыгъэхэм я зэпачу, пщыхьащхьэкIэрэ ещхьыркъабзэу къалэ Гъунэм е нэхъ щыпIэжыжьэм ягъэзэж. Зэрыгурыгъуэщи, гъуэгуэхэм автомашинэхэр щызэтрехьэ зэманышхуэ яфIигъэкIуэду. Абыи и закъуэкъым: а щытыкIэм цIыхухэм псэуныгъэкIэ зэхуэмыдэжьгъэ яку дэлъынкр къешэ – къалэкор къулейщ, дахэщ, тыншыгъуэхэм хуэщIащ, ауэ тIэкIу узэрыIукIуэту абы псори нэгъэущIщохъуэ. АтIэ дяпэкIэ яухуэнухэм куи пхыдзаи ямыIэу псори щызэхуэдэнущ я зэфIэкIкIэ.

ГъэзугущIэхэр зэраухуэр хъарэшнэщ, ауэ автомобилхэри нэхъыбэж мэхъу. Зи гугъу тщIы къалэхэм уней автотранспорт щагъэIэжьынукъым, ахэр щызэрахъуэжьынущ псоми къезэгъ транспорт тыншым, лъакъуэрыгъажэхэм, электросамокатхэм.

Иджыри къэс къалэхэм ящэрыскъыхэмрэ абыхэм ящыдаш кIэрыкубжьэрыхуэр, пхъэнкIийр. Апхуэдэу щытыжьинукъым: къалэм еdisplaystyle ямыгъэкIыжу щыIэ псори щызэхуэдэнущ я зэфIэкIкIэ.

«Къалэм хэт къалэ» - апхуэдэ пщалъэм тетынущ Китайм и Шеньчжень къалэм щекIуэкI ухуэныгъэр. Жыгтэнщи, псынщIэу зызыужь езы Шеньчжень щаухуар 1979 гъэрщ икIи абы щыпсэухэм я бжыгъэр щыху мелуан 17-м щIигъуакIэщ. А жьлэшхуэм я лъабжьэр зыуэ унитI зэрыубыда дащIыхь, дэтхэнэми метр 396-рэ и лъагагъуэ. ТIуми зэхэту цIыху мин 300 щыпсэунущ икIи щыпсэжьнущ. Я кIэщIхэм итщ Iуэхущ1апIэхэр, хьащIэщхэр, псэупIэ хьэблэхэр, тыкуэнхэр, къызэракIуэ транспорт, жыг хадзэр, паркхэр. Унэхэм я «щыфэм» зэхуэхьэс езыхэр зрикъуну электрокъарур. Ухуэныгъэр 2027 гъэм зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщIар щIым тет къалэхэрщ. Абыхэм къащхьэщыкIыу Мальдивхэм псэупIэхэр зыщытращIыхьынур...псырц.

Еджагъэшхуэхэм зэрыхуэгъэфащэмкIэ, 2100 гъэм ирихьэлIэу Дунейпсо хым зы метр хуэдизкIэ зиIэтынущ. Абы къокI Мальдивхэм псыр къащIэуэну – а хьатIыгуэхэм я процент 80-р хым нэхъыбэ зэрынэхъ лъагэр зы метр кудейщ. Къэралыр кърагъэлIн папщIэ 2022 гъэм властхэр яужь

ГущIэгъуншагъэкIэ зэпеуэ хуэдэт

Тхыдэм зыгуэркIэ щыгъуазэ дэтхэнэми къыхуэхьынущ нэхъапэм цIыху Iейуэ щымытам и щхьэр властым зэригъэназэм и щапхъэхэр. Ахэр гъунэжщ икIи сыт хуэдэ лъэхъэнэми узыщрихьэлIэщ. ДеплъэкIыжьыни блэкIамкIэ.

ПАСЭРЕЙ Римым лIэщIыгъуитхукIэ щызэкIуащ къулыкъущIэхэр IэIэткIэ хэхьным и хабзэр. Власть нэхъыщхьэр зыIэщIэлъыр зауэхэм я зэманым дзэзешэу ягъэув консулхэт. Зауэ гъащIэхэм щытекIуамэ, абыхэм «император» щIыхьыщIэр фIащырт, арщхьэкIэ апхуэдэ цIыхум и къулыкъур и быным е и къуэшым къыхуигъанэ хъуртэкъым. Уеблэмэ, Цезарь Юлий цIэрыIуэми къехъулIакъым игъащIэкIэ императору щытыну – апхуэдэ унафэ къригъэщтэну сенатым щыпсыхьэм щIр абы щIауэкIыхьащ республикэ Iуэху зехьэкIэм и телъхьэхэм.

Абы хуэфIэмыкIар къызэхъулIар къуэ ищIа Октавиан Августщ. Ди эрэм и 27-нэ гъэм ар сенатым щыхахащ Рим къралыгъуэм и Iэтащхьэу, власт псори зыIэщIиубыдэри, император къулыкъур езым и щIэин иригъэщIыфащ.

ИужькIэ император хъуащ Октавиан къуэ ищIа Тиберий. ПащтыкIи фащэр зэрышIатIагъэу ар залым бзаджэу къыщIидзащ, щыгтхукIэ щIэзыгъанэ блигуэтхэмрэ бзэгузехьэхэмрэ зришэлIащ. ЦIыхухэр махуэ къэс зэхэзехуэн ящIырт, езым и бийуэ щэхуу зэгурыIуэуэ зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми шэч зыхуищI псоми я щхьэкIэ пригъалъэрт. Адэанэхэм ягъусэу яукIырт абыхэм я бын цIыкIухэри.

Езы Тиберий апхуэдизкIэ ажалым щышынэрти, иужь илъэсипщIэр къалащхьэм гъэкIыжэ Капри хьатIыгуэм щитъэкIуащ, къэрал Iэху псори и Iупэфэгъу Сеянрэ щIыналъэ Iэтащхьэхэмрэ къахуигъанэри. А псоми, дауи, ящэ ирагъэщIр езыхэм я жыпыт. Абы къыдэкIуэу къащыгъупщрэтэкъым къапэрыуэхэр лъэныкъуэ ирагъэзэн. АпщондэхуэкIэ императорым гъащIэр ефэ-ешхэ Iэнэхэм пэрысу игъакIуэрт, хьэбгрышыбырыгъэ зэрихьэрт. АпхуэдизкIэ гущыкI хуащIати, щыIпа махуэм цIыхуэр гуфIэу икIи къафэу уэрамхэм уэру къыдыхьат.

Тиберий иужькIэ тахьтэр лъысащ абы и къуэшым и къуэ Германик Августа, «Калигула» цIэмкIэ тхыдэм жагъуэу къыхэнам.

ЯпощIыкIэ цIыхухэр гуфIат: къыщIэхуа псоми я къуаншагъэхэр яхуигъэгъуат, уеблэмэ, суд унафэхэм ехьэлIа дэфтэрхэр кьанэ щымыIэу игъэсыжат. АрщхьэкIэ иужькIэ къыщIэкIат игъэсыжар абыхэм тратыкIахэр арауэ, езы дэфтэр дыдэхэр къигъэнаэ. Абы къырикIуахэм зыпагъэплъакъым. Псом хуэмыдэу бэлыхь хэхуар сенаторхэрщ. КIуэ пэтми нэхъри иригъэлейри, император ныбжьыщIэм езым тхъуэу зыкъилытэжат икIи игъэуват хуащI пщIэм хуэдэ къыльысын хуейуэ. И бюстхэр тхъэ ельэлупIэхэм щагъэуват. Калигулэ зэпымыуэ зыгуэрэхэр къыбжыт, уафэм тес тхъэм ебуащIауэрэ. Абы къывжаIи и щхьэкIэ къикIа хуэдэт. Театр гъэлъэгъуэныгъэхэм, унэхэр ухуэным мылъкушхуэ тригъэкIуадэрт. Мыбдеж къыщIагъэбэлырт тезыр зытралъхьахэм къытрахахэр. А хьэбыршыбырыгъэм текIуэдэжащ. Сенаторхэр игъэпудын папщIэ абы аэрэ ирихулIэрт езым ишим щхьэщэ хуащIыну. Ар яхуэшэчыжакъым императорым и гвардием хэтхэми. 41 гъэм щIышылэм и 21-м бзаджэнадэрэ икIиащ абыхэм я унафэщI Кассий Херес.

ЩIымыгугъыххауэ, император хъуащ Калигулэ и адэ къуэш Клавдий. ИтIани гущIэгъунщэ дыдэу къыщIэкIащ. Унафэр щыIэщIэлъа илъэс 13-м сенатор 35-м, лакъуэлэсыу 300-м щигъуэм я щхьэр пригъэльащ. Абы щыгъуэми, хуабжьу щыгъупщхэт: и ефэгъуэхэм ящыщ гуэр щхьэпылъэ иригъэщIу ефIуэн махуэм абы хуригъэхьыфынут ефэ-ешхэм езыгъэблагъэ дэфтэр.

Клавдий фIэфIт IэфIу шхэн. Псом хуэмыдэу Iэгъэбэгуэхэр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Арауэ зытекIуэдари. Зэгуэр и фыз Агриппинэ Iэнэм къыхутригъэуващ щхъуэкIэ псыхьа Iэгъэбэгуэхэр: езыри властым хуэпабгъэрт.

ЯпощIыкIэ къэралым и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэззащIащ и къуэ Нерон и щIэкIэ, арщхьэкIэ император ныбжьыщIэри властым дихьэхащ. Мыгувэу щхъуэкIэ Iуихащ пащтыкъу щхьэкIэ щыгъуэ. Хэбгъэзыхьмэ, къыпэрыуэ и анэри иригъэуКIащ. Езым зыкъилытэжтэрт усакIуэшхуэу, уэрэдусу икIи зэпеуэ псоми фIэкIыпIэ имылъу «щытекIуэрт».

Хьыбару къыззрекIуэкIыжкIэ, Рим зэщIэзыщта мафIэсым Нерон кIэлъыплъащ. Трим зэрыхэкIуэдам теухуа поэмэм къеджэу, а зэманым щыIа пшынэм ёуэу. Къалэдэсхэм ятепсыха насыпыншагъэмкIэ Нерон игъэкъуэншащ чыристанхэр икIи ахэр езыхэр мафIэкIэ игъэсащ.

Дауи, апхуэдизу гущIэгъунщагъэр лъэужьыншэ хъуакъым: и акъылыр игъэутхуащ. «Сыт хуэдэ артист гъэззэджкIуэдэ» - жиIэри, езыми зиукIыжащ, и кърмакIэр сэкIэ пиупщIри.

Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, щыпсэуа зэманым апхуэдизкIэ лей зезыхьар лIа иужь ягъэлъэпIащ. Псом хуэмыдэу зыIэтар налогкIэ зэригъэмэщIарт.

ЗэрыгущIэгъуншэхэм къадэкIуэу, императорхэр нэгъэущI бзаджэнаджагъэхэми хуэIэкIуэлъакIуэт. Ауэ зэщхъ зыщIыр щIыху щIыхь гъащIэр зыми зэрыпамыщIырт.

● КIэщIу

Ди щIыналъэр къыхах

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я хьэщIэщхэм пIалъэ кIэщIкIэ пэш къыщIыщта туристхэм я бжыгъэм хуэдэ 1,5-кIэ хэхъуащ. Мыбдежым ялэ итыр Къэбэрдей-Балъкъэрыщ. Зы жэщ-махуэкIэ, махуитIкIэ ди деж къыщIызэтеувыIэхэм я бжыгъэр хуэди 2,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи зы жэщ нэху къыщекIыным ику иту сом мини 6,6-рэ щIат.

КЪЫКIЭПЪЫКIУЭ Къэрэшей-Шэрджэсыщ. ПIалъэ кIэщIкIэ щыхьэщIэну а республикэм кIуэхэм я бжыгъэм хуэди 2-кIэ хэхъуащ, зы жэщ хьэщIэщым нэху къыщекIыным ику иту сом мини 8,3-рэ хуоз. Осетие Ищхъэрэ – Аланиер къыхэзыхэхэм я бжыгъэр хуэдэ 1,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Зы жэщ абы щрахыным щхьэкIэ ику иту сом мини 6,9-рэ ират. Даныстэнми зы махуэмахуитI хуэдизкIэ кIуэхэми я бжыгъэм хуэдэ 1,5-кIэ хэхъуащ. Абы и хьэщIэщым зы жэщ нэху укъыщекIыным ику иту сом мини 5,4-рэ хуэзэнущ.

Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм щIэупщIэ зэраIэр, щIыпIэ дахэхэр зэзыгъэльаГъуну къакIуэхэм я бжыгъэм къызэрихъэхэ зэпытыр и щIыналъэ туризмэм зэрызиужьым. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и лъэныкъуэкIэ иIэщ хьэщIэхэм яригъэлъагъуни, ахэр къызэридихьэхын щIыпIэхэри, къыщIэзтеувыIэн хьэщIэщхэри, фIагъ лъагэ зиIэ Iуэхутхьэбзэхэри.

Ухуэныгъэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ

Шэджэм къалэм мы зэманым лэжьыгъэ зэмылIэужьыгуэхэр щрагъэкIуэкI. Къапщтэмэ, гулъытэ хэха хуащIу яужь итщ псы нэпкъхэр зэIуэпэщ щIыным, зыхуей хуэзгъэзэным.

КЪАЛЭМ щаухуэ топджэгу губгъуэ, баскетболым, волейболым, физкультурэм папщIэ джэгупIэ щхьэхуэхэр. А псом къадэкIуэну, щIыбым зэIущIэ зэхуэмыдэхэр, спектаклхэр, концертхэр щебгъэкIуэкI хъу амфитеатрымрэ тетIысхьэпIэхэмрэ я лъабжьэхэр ягъэтIылъащ. Архитектурэ теплъэ зиIэ зыгъэпсэхупIэхэри абы хэтынущ.

СкейткIэ щIалэгъуалэм къыщажьыныну щIыпIэр зыхуей хуагъэзащ, уеблэмэ щIадзакIуэ джабэ задэхэм ахэр къожэх.

Апхуэдэу лъэс лъагагъэхэр къыхагъэщхьэхуэкI, машинэ гъэуфыпIэхэр ягъэхьэзыр, уэздыгъэхэр падзэ, удз дахэхэр зыхэсэну щIыпIэхэр яубзыху. КIэщIу жьпIэмэ, щIэми жьыми зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэжьыжьи щIыпIэ екIу Шэджэм къалэм дэсхэм мыгувэу яIэнущ.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Шэджэм. ЯщэкIэ кIуэтэн» пэхущIэм ипкъ иткIэ. Апхуэдэ Iэмал Шэджэмым игъэтащ Къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ жьлэхэмрэ я урысейпсо зэпеуэм щытекIуа нэужь.

Москва щагъэлъагъуэ

Москва къалэм и «Крокус Экспо»-м иджыблагъэ щекIуэкIащ ерыскъыхэкIхэм ехьэлIа, «WorldFood Moscow» фIэщыгъэр зезыхьа 33-нэ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хэтащ Урысей Федерацым и щIыналъэхэм ящыщу 68-м, хамэ къэралхэм я Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэу, ерыскъыхэкIхэр зезыгъакIуэу 1100-м щIигъу.

КъБР-м экспортыр дэIыгъыныбжьэ и центрым абы щигъэлъэгъуащ «Налшык-Iэфыкъэ», «Сириус-М» Iуэхущ1апIэхэм, хьэрычэтыщIэхэу Жэбалы Рустамрэ Хожаев Iэубэчыррэ я продукцэхэр.

«Крокус Экспо»-м ди щIыналъэм щыхуэхаха щIыпIэм деж республикэм и продукцэхэм къыщIэупщIа компаниехэм я лIыкIуэхэм зэпсэльэныгъэхэр драгъэкIуэкIащ лъэныкъуэхэр зэдзлъэжьыным теухуауэ.

Гъэльэгъуэныгъэр екIуэкIащ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа «Хьэрычэт Iэнатlэ мыинымрэ курытымрэ» лъэпкъ пэхущIэм ипкъ иткIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр абы хэтащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и дэIепыкъуныгъэ хэлъу.

Бжыгъэхэм захъуэжакъым

2024 гъэм и щIышылэ - бадзэуэгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш, фермер, уней Iуэхущ1апIэхэм псоми зэхэту лыуэ къалэжьащ тонн мин 24,5-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм къриубыдэу яхуэзэфIэкIам проценти 102-кIэ хуэкIуэу.

БЫЛМЫЛРЭ (тонн мини 2,7-рэ) джэдкъазылу (тонн мин 20,8-рэ) къалъэщар нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм хуэдэу къэнэжащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу мэлылрэ бжэныгъэ хуэдэ 1,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Зы жэщ абы щрахыным щхьэкIэ ику иту сом мини 6,9-рэ ират. Даныстэнми зы махуэмахуитI хуэдизкIэ кIуэхэми я бжыгъэм хуэдэ 1,5-кIэ хэхъуащ. Абы и хьэщIэщым зы жэщ нэху укъыщекIыным ику иту сом мини 5,4-рэ хуэзэнущ.

Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм щIэупщIэ зэраIэр, щIыпIэ дахэхэр зэзыгъэльаГъуну къакIуэхэм я бжыгъэм къызэрихъэхэ зэпытыр и щIыналъэ туризмэм зэрызиужьым. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и лъэныкъуэкIэ иIэщ хьэщIэхэм яригъэлъагъуни, ахэр къызэридихьэхын щIыпIэхэри, къыщIэзтеувыIэн хьэщIэщхэри, фIагъ лъагэ зиIэ Iуэхутхьэбзэхэри.

Нэхъ хуабэ мэхъу

● Щыуэпс

Иужь илъэсхэм еджагъэшхуэхэм, псом хуэмыдэу щIыуэпсым и щытыкIэм кIэлъыплъхэм, щIэх-щIэхыурэ жаIэ дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъур. Дэ езыхэми абы гу лъыдотэ: псалъэм и хьэтыркIэ, мыгъэрей гъэмахуэр къыттехьэлъэу екIуэкIащ. ЩIыпIэ-щIыпIэхэм уэшх къыщешхакъым пIалъэ кIыхькIэ, абы щыгъуэми, адрейхэр уэлбанэ инхэм щIагъэнауэ щытащ.

IЭЩIАГЪЭПIХЭМ къалъытакIэщ Европэм хуабэм градуси 3-кIэ зыщIэтмэ материкым абы илыкIхэм я бжыгъэр зы илъэсым щIыху мини 130-м щынэсыну. Мы зэманым а бжыгъэр зэрыхъур мин 44-рэщ. Апхуэдэ дыдэу къулейсыгъэ къэзыхь жьапщэшхуэхэр нэхъыбэрэ къыщыкъуэуэ хуежьащ.

Пэжу, иджыпстукIэ дэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я зэран ин тлъагъуркъым, арщхьэкIэ къэкIуэнум хуэхьэзыру дыщытын хуейщ.

Кэдым къальытэ температурэр зэрыдэкIуейр цIыхум и лэжьыгъэми и Iуэжьу. Ар шэч зыхэмылъыжщ. Илъэс къэс хохьуэ гъэсынныпхъэхэу къэралхэм къыщагъэсэбэпым. Хэбгъэзыхьмэ, язынныкъуэхэр хущIокъуэ ахэр щыуэпсым зэран хуэмыкъу нэгъущIэхэмкIэ зэрахъуэкIыну, арщхьэкIэ зэкIэ кьайхъуIэну къыщIэкIынукъым.

Дауи, ЩIы хуэрейм и Iыхьэхэр зэрызэхуэмыдэм ещхьыркъабзэу, мы Iуэхур абыхэм зэрыщекIуэкIри зэтехуэрэкъым.

Еджагъэшхуэхэм дигуэхэр фIы ящI: дызыхуэкIуэ илъэс 20 - 30-м хуэдизгужьей гуэрхэри щыIэнукъым. АрщхьэкIэ нэхъ жьыжьэ ящIыпIкIэм хэпщIыкIыIу зихъуэжьнущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, дунейр щыщIтыр тропикхэм хуабэр щIагъуэу щыдэкIуеинукъым, арщхьэкIэ Урысейм и дежкIэ мыхьэнэ ин зиIэ Арктикым ар «щыдзэкIеинкIэ» хуэнущ градус 15-кIэ (!). Ар лъагэIуэщ. Пэжу, абы зэкIэ зыри щыхьэт техъуэфынукъым: мы зэманым ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэ псори зытещIыхьар зыхуагъэзфащэкрщ. АрщхьэкIэ апхуэдэу зэрыхъунри къыумылъытэкIэ Iэмал иIэкъым. Арктикэм иджыпстуи хэпщIыкIыу нэхъ хуабэ щохъу – градуси 2-2-кIэ япэ иту. Пэжщ, къыхохуэ нэхъ щыщIыIэ лъэхъэнэхэри. Псалъэм и хьэтыркIэ, гу лъатащ мы Iэм а щIыналъэм мылхэр зэрыщыпэхъ Iувым.

АтIэ сыткIэ щынагъуэ къытпэплъэ а зэхъуэкIыныгъэхэр? Урысейм и ипщэ щIэныкъуэр уэгъуэм зэриубыдыем кIэригъэхунущ абы ГъавэУ щыщIрахьэлIэм. Абы и удыныр псом япэу зытеухуэнур Кавказ Ищхъэрэм щыпсэуэхэрщ. Ауэ, дауи, дэ ди закъуэкъым: мы щIыналъэр ящыщщ къэралыр зыгъашхэхэм. Нэуэу зэрыщытщи, Урысейм щIы и куэдщ, арщхьэкIэ ахэр гъавэ щIэным мы щIыпIэм хуэдэу щыхуэщIакъым. Кьахуэнэжьныр зыщ: хьэсхэм псы щIагъэхьэнырщ.

Езы Арктикэри хилъэфэнущ. Мы бы хуабэм и зэранкIэ гъущI гъуэгухэр щыхъеинущ, зэпымыуэ щта щIыхэм тращIыхьа унэхэр, нэгъэщI псэуалъэхэр щетIысхэнущ. КIэщIу жьпIэмэ, къуелейсызыгъэхэр къишэнущ.

Мылхэр зэрыткIым я зэранкIэ хьэхэм заIэтынущ. Псом хуэмыдэу мыр зыжьэхэуэнур хьатIыгуэхэм тес къэралхэрщ.

ЦIыху мелуанхэр зыщыпсэу щIыпIэхэм иIэпхъукIын хуей хъунущ. Иджыри къэс абы щхьэусыгъуэ хуэхъуу щытар зи гугъу тщIы щхьэусыгъуэркъым, атIэ зэфэну псырэ ерыскъырэ зэраримыкъурщ. Псыр, ди насыпщи, къащемэщIэкIынукъым Урысейм: ди къэралым и кIуейигъэ дызэрыгушхэхэм ящыщщ. Пенэ, Енисей, Обь, Двина Ищхъэрэ, Амур псыежэх абрагъуэхэр. КIэщIу жьпIэмэ, Урысейм щыпсэухэм нэхъ зыхащIэнхьыжьын дунейм и щытыкIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр. Пэжу, гъэмахуэр нэхъ кIыхь, щIымахуэр нэхъ кIэщI икIи нэхъ хуабэ щыхъунущ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Хэкупсэхэр ягъасэ

ЦIЫХУР хэкупсэу бгъэсэнумэ, сабийуэ хэпльхьэн хуейщ апхуэдэ гупсысэхэр. Цыкiухэм кьыдыхэкIа лъэпкъыр, Хэкур фIыуэ ялъэгъунымкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ сабий гъэсапIэхэми. Щхьэлыкъуэ кьуажэм дэт сабий сад етIуанэм и гъэсэн цыкiухэм драгъэкIуэкIащ Адыгэхэм я махуэм теуха дерс гъэщIэгъуэн. Цыкiухэм яхутепсалъэхьащ лъэпкъ щэнхабзэм, адыгэ къафэм, шхыныгъуэ Iэфiхэм, ди ныпым, фащэм. Ягъэхьэзыращ адыгэ пасэрей хьэпшыпхэр, фащэхэр, шхыныгъуэхэр щагъэлъэгъуэ планэпэ гъэщIэрэщIа. Дерсыр щIагъэбыдэжу, езы цыкiухэм сурэту ирагъэщIащ адыгэ тхыпхъэ дахэхэр.

СурэтыщI зэчиифIэ

ПАЩТЫКЪ Салисэт и ныбжьыр илъэси 8 мэхъу. Налшык къалэм дэсщ, курыт еджапIэ №31-м и 3-нэ классым щIэсщ. Хъыджэбз Iущ щыкiыр тху защIэкIэ йоджэ, нэхъыфI дыдэу ельагъу математикэмрэ сурэт щIынымкIэ дерсхэмрэ. Салисэт адыгэ къафэм щыхуагъасэ, щыхрагъэдыкI, сурэт щащI гупжьейхэм йокiуаниIэ, псы есыкiи зрегъасэ. ШколщIыб дерс хэхуэу адыгэбзэмрэ инджылызыбзэмрэ едж.

Сытым зрипщытми хъыджэбз цыкIум псори тыншу къохъулIэ, ауэ псом хэмыдэжу и псэм хэлъыр сурэт щIынырц. И ныбжьым емылъытауэ, сурэт щIыныmкIэ зэфIэкI зэриIэм Салисэт и анэм гу лъитащ пасэу - иджыри сабий щащ цыкIуэм. Интернетым и Iэмалыр кьигъэIэрыхуати, сурэт щIыныmкIэ абы илъ видеодерсхэр къигъуэтурэ еплъырт, илъагъуэр ищIыжырт. Илъэс хъуауэ абы гъуэзджмкIэ егъэджакIуэ кьыдолажьэ щхьэхуэу, Iэмал щиIуэтыгъэ, сурэт щIыныmкIэ мастер-класс зэхуэмыдэхэм макIуэ. И благъэIыхьлыхэм къыщалъхуа махуэр ягъэлъапIэмэ, Салисэт фIэфIщ езым ищIа сурэт дахэ яритыну.

Иджыблагъэ Пащтыкъыр ирагъэблэгъащ къэлэпэ къыщыхъуахатащIэ «Горький» шхапIэм и теплъэр ищIыну. Ар сабий зэчиифIэм къыхэригъэлъэгъуар ягу ирихьащ. Сурэтыщым къыIэрыхьащ пщIэкIэ зэлэжьыну лэжьыгъи - сурэт ирагъэщIыну зыкъыхуагъэзащ. Хъыджэбз цыкIур а псом щогуфIыкI, екъулIэныгъэ зыIэрагъэхьху мэгушхуэ, нэхъри хуопабгъэ щIэщыгъуэу зыгуэрхэм зрипщытыным.

ШынэхъыщIэ

(Таурыхъ)

ЗЭШIЩ псэурти, я нэхъыщIэм Къуийцыкiыкiэ еджэрт. Къуийцыкiур яфIэделэти, лъэныкъуэ ирагъэзын мурад ящIащ нэхъыжьитIым: «Ди напэр трех, емыкIу къыдегъэхь», - жари.

Мэл яIэти, мэл зытхух иратри, Къуийцыкiу зыхагъэкIащ.

- Уи щхьэ гъэпсэуж, дэ укъытщымыгугъ, - кьыжраIэри, пщIантIэм къыдагъэкIащ.

Мэл зытхухьр хъуакIуэ ихуащ Къуийцыкiу, мэз лъапэм щигъэхуакIуэрэ, жиI мэкъытехьуащ. «Пщэдей мэз лъапэм хъуакIуэ кьэсхун хуейщ мэлыр, - жиIащ Къуийцыкiу. - Сыт щхьэкIэ схужын: мэз лъапэм кьытезнэнщи, пщэдджьжь сакъыкIэлъыкIуэнщ».

Мэлыр мэз лъапэм кьытринэри, езыр къэкIуэжащ. Нэху щырэ тригъаззмэ - мэлыр яшхауэ ирихьэлIэжащ. ЗигъэнщIа хъунтэкъымi, зы дыгъужь кьупщхьэм йогъури щытщ.

- Сыбгъунэхъуащ, емынэунэ хъун! - Къуийцыкiу Дыгъужьыр ирихужьащ. Хуэм-нхуурэ, гъуэм фIикIэжащ. Бжэгъу цIынэр и куэщIым иригъэувэри, Къуийцыкiу гъуащхьэм тетIысхьащ:

- Гува-щIэхами, зэ укъикIынкъэ гъуэм! - жери.

Къуийцыкiу гъуащхьэм тесурэ, уэшхышхуэ кьешхри, дыгъужьыгъуэм псыдзэ иуащ. «Къуртi-сыртI» жери, псыдзэр щIыщIэуэм, дыгъужьым и щхьэр гъуэм кьригъэжащ:

- Къуийцыкiу, - жиIащ дыгъужьым? - сомыгъэтхьалэ, гъуэм сигъэкI: мэлыр къэслшыныжынщ. Мэл зытхух пфIэтшхамэ, мэл хъушэ уэттыжынщ.

- СыкъэбгъэпцIэнкъэ?

- УкъэзгъэпцIэнкъым. Ныжэбэ нэху гъэщи, пщэдджьжь мэз лъапэм къакIуэ: мэл хъушэ укъередгъэхьалIэнщ.

- Хъунщ, - жери гъуащхьэм кьытекIыжащ Къуийцыкiу. Дыгъужьыжьыр гъуэм кьикIщ, зиутхыпщIри, мэзым хьихьэжащ.

Нэху игъэщри, Къуийцыкiу мэз лъапэм кIуащ. Мэз лъапэм мэл хъушэ тетт. Хъушэр кьыдэщIикъуэри унэм кьихуащ Къуийцыкiу.

- Мэл хъушэр дзэ кьиупха? - ягъэщIэгъуащ и къуэшитIым.

- Си мэл зытхухьр мэз лъапэм кьытезнати, бэгъуауэ нэху кьекIащ, - жиIащ Къуийцыкiу.

«Ди мэлри мэз лъапэм нэху кьыщедгъэкIынщи, тхуэбгъуэнщ», - жари эзшитIым я мэлыр мэз лъапэм кьытранэри езыхэр кьыдыхьэжащ. Нэху щырэ трагъаззмэ - зэшитIым я мэлыр яшхауэ ирихьэлIащ.

- Къуийцыкiу пцIы кьытхуиупсри ди мэлыр хьэм иригъэшхащ, - жари кьыдэлъэдэжащ зэшитIыр, я шынэхъыщIэр кьэпым ирадзэри ирахьэжьащ: «Псым хэддзэнщи, едгъэтхьэлэнщ», - жаIэри. Псым нэсри кьэпыр лъэмыж дакъэм тралъхьащ, езы тIур мэзым хьихащ: «Чы пыдупщIынщи, псым хэддзэн и пэ, дубзрэжьынщ», - жаIэри.

ЗэшитIыр мэзым хьихьауэ, зы шыдигъу къэсащ. Шыдыгъум шыбз хакIуапщIэ кьихурти, шыр лъэмыжым кьыхутехьакъым. «Шыр зыгъащтэр сыт?» - жери шыдигъур лъэмыжым техьащ. Лъэмыж дакъэм теть кьэпыр щилъагъум, щIопщыкъукIэ теуIуащ:

- Кьэпым щхьэ уилъ? - жери.

- Розащи, сильщ, - кьэпым кьыпсэлъыкIащ Къуийцыкiу.

- Хэт уихуздзар, сыт уущIрадзар? - игъэщIэгъуащ шыдыгъум.

- Пщым и пхъур кьызагъэшэнути, кьаухуэсщэркъым - аращ кьэпым сыщIрадзар. КьахуэзмышIэмэ, саукIынущ.

- АтIэ, сэ сигъапщхьэ кьэпым: «Сэ кьэсщэнщ пщым и пхъур, - жиIащ шыдыгъум. - Абы щхьэкIэ зебгъэуэкI хьурэ?

- Хъунщ, - жиIащ Къуийцыкiу. - Кьэпыщхьэр тIатэ.

Шыдыгъум кьэпыщхьэр итIатэри Къуийцыкiу кьригъэкIыжащ, езыр ипшхьэри:

- Кьэпыщхьэр пхэж, - жиIащ. - Шыр мэзым хэхуи, кIэлъыплъ.

Къуийцыкiу шыр кьрихужьри кьежьэжащ, шыдыгъур лъэмыж дакъэм кьытринэри.

Чы паупщIри, зэшитIыр мэзым кьыхэкIыжащ.

- Удубзрэжьынщи, псым ухэддзэжынщ, - аращ уэ пхуэфащэр!

- Сымыубзрэжь: сыарэзащ, пщым и пхъур хэсщэнщ, - кьыпсэлъыкIащ шыдыгъур кьэпым.

- Пщым ипхъуми ухуейти! - жаIэри зэшитIым шыдыгъур яубзрэжьащ, лъэмыжым ирадзыхри кьежьэжащ. КьыздэкIуэжам Къуийцыкiу и пщIантIэм шыбз хакIуапщIэ дэту кьрихьэлIэжащ.

- Шыр дэнэ кьиупха? - я нэр кьихуащ зэшитIым.

- Кьыздисхар фщIэркъэ? - жиIащ Къуийцыкiу. - Сывубзрэжьри, лъэмыжым севдзыхащ. Ситхьэлэн фи гуГъэ хъунщ. Ситхьалакъым. Псым сриихьэри ныджэм сыкъытридзэжауэ шыбзыхъуэ пщыIэ сриихьэлIащ. «ХьэщIэр тхъэм и лIыкIуэщ», - жаIэри сагъэтхъащ, сагъэлъэпIащ, шыбз хакIуапщIэ кьызатри сыкъауТыпщыжащ.

- АтIэ дэри дубзрэжьи, лъэмыжым дедзых, - жаIащ зэшитIым.

- ФынакIуэ, - жери Къуийцыкiу и шынэхъыжьитIыр кьэпым иридзащ, лъэмыжым ихьри иубзрэжьащ, псым хидзэри кьыздыхьэжащ.

ЗэшитIыр псым ирихьэхри ныджэм кьытридзэжащ, шыбзхъуэ нэгъуэщIи ирихьэлIакъым. ЩримыхьэлIэм заутхыпщIыжри, я щхьэр кьысфIэхуауэ кьаГъэзэжащ.



Псалъэзэблэдз





Жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 1. Мыдэрэ. 3. Хъэуэн. 4. Кьаныт. 6. Хъэмэ.

КъекIыу: 2. ЦIыкIур. 5. Жьаум. 7. Хуэрэз. 8. Дз. 9. Сэнэ.

Зыгъэхьэзырар **БИЦУ Жаннэщ.**

Щэнхабзэмрэ спортымрэ я фестиваль

Шэшэн Республикэм и Гроэзн къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысей Ипщэм щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я XV фестивалыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ пщIантIэ, гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэ абы щигъэуващ.

ВОЛЕйБОЛымкIэ уардэунэу Ахтаев Уайс и цIэр зезыхьэм фестивалыр кьыщызэIуахащ. Абы хэтащ Шэшэным и Iэтащхьэ Кадыров Рэмзан, УФ-м СпортымкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одес, республикэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ и министр Кадыров Ахьмэт.

Кадыров Рэмзан и псалъэм къыхигъэщащ спортымрэ щэнхабзэмрэ лъэпкъхэр зэрызэкъуагъэувэр, спортымкIэ яIэ зэфIэкIыр къагъэнэIуэныmкIэ, нэхъ гъунэгъуу зэрыцIыхуныmкIэ, зэгурыIуэрэ мамырыгъэрэ цIыхухэм яку дэлъынымкIэ зэрыщхьэпэр.

Щэнхабзэмрэ спортымрэ я махуэшхуэм жьджэру хэтащ Урысейм и щIыналъэ 16-м я лIыкIуэхэр. Абы и хьэщIэхэм Iэмал яIащ Урысей Ипщэм щыпсэу лъэпкъхэм я лъэпкъ хабзэхэм, Iэрыкiхэм, шхыныгъуэхэм зыхагъэгъуэзэну, зэрыцIыхуну, я зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэну. Зэхьихьэ гуапэм зэхуиушэсат Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм я музейхэм я лэжьакIуэхэр, артистхэр, Iэхуу зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ IэпщlэльапщIэхэр, уэрэджьыкIуэхэмрэ кьэфакIуэхэмрэ.

ЦIыху 1000-м нэблагъэ зэхуэзышэса фестивалым и етIуанэ махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ пщIантIэм зыщагъпIыхьащ мы Iэхуум хэтахэм. Хьэщ1э лъапIэхэр махъсымэкIэ ирагъэблагъащ. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин ди щIыналъэм и лъэпкъ пщIантIэм щыIахэр щигъэгъуэзащ Iэпщlэльапщlэхэм я Iэрыкiхэм, щэнхабзэмрэ гъаздэжмрэ теухуауэ ди щIыналъэм щащIэм. Зэхьихьэр ягъэдэжащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, «Илли», «Даймохк», «Заманхо», «Вайнах», нэгъуэщI гупхэм щыщ артистхэм.

Фестивалыр къыззрагъэпэщащ УФ-м СпортымкIэ, щэнхабзэмкIэ я министерствэхэм, Шэшэн Республикэм и Правительствэр, Щэнхабзэмкiэ, физкультурэмрэ спортымкIэ министерствэхэр, нэгъуэщI Iэхуущ1эпIэхэр я дэIэпыкъуэгъуу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ДыщэкIым и дыщэхэр

• Iэпщэрыбанэ

Челябинск областым и Копейск къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысей Федерацэм зауэ Iэпщэрыбанэ спортымкIэ и Кубокыр къэхъыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щыIащ къэралым и щIыналъэ 27-м я спортсмену 250-м щIигъу, цIыхухъхъэри цIыхубзхэри зэхэту.

КъЭБЭРДЕй-Балъкъэрым и пщIэр яIэту республикэм и щIалитI абы щызэзуащ икIи тIуми ехъулIэныгъэфIэхэр щызыIэрагъэхьащ. Килограмм 90 хьухэм я деж зыкъыщызыгъэлъагъуэ Дыщэкi Мурат зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр къихьащ. ТыIэщ Дамир зыхэта гупым (кг 60) ещанэ щыхуащ.

ЩIалэхэм я тренерыр Бейтыгъуэн Русланщ.

КьыщинэщIауэ, «Зэкъуэшыныгъэ къэмылэнджэж» фIэщыгъэр зэрихьэу абы щекIуэкIащ зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ «UNIFGHT-PRO» дунейпсо зэхьэзэхуэр. Мыбдежьым дыдейхэм я гъусэу абы кърихьэлIащ Азербайджаным, Тыркум, Кипрым, Къззахъстаным, Угандэм я спортсменхэр.

Зэпеуэм япэу хэта ДыщэкI Мурат кьыпсэIэтащ Тыркум и зэуакIуэ лъэщ, ауэ кьытекIуэну абы зы Iэмал иримыту, и пщэр щиубыдыкIащ. Хьэрхуэрэгъуэм кьыхуэнэжьи зытын хуейуэ зарати, ди щIалэм текIуэныгъэр къратащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым и тIощIрэ етIуанэ джэгугъуэм иужькIэ бжьыпэр щиубыдащ «Тэрчым». Пэжщ, абы къигъэсэбэпащ зэхьэзэхуэм иджыри къэс пашэныгъэр щызыIыгъа ПсынэдахэмкIэ и «Родник»-р зэIущIэхэм зэрыхэмытар. Абы хьыхэкIыу куэдым икъукIэ пфIэхьэлэмэтщ а тIуми дызыхуэкIуэ тхьэмахуэм Тэрч къалэ щрагъэкIуэкIыну зэпэщIэтыныгъэр. Ар гуащIэ зэрыхъунум зыми шэч къытрихьэркъым.

ТЭРЧДЭСХЭМ япэщIыкIэ Акъбащ Ищхъэрэм къикIахэр бжьыгъэшхуэкIэ 8:1-уэ хагъэщIащ. ФIэщщIыгъуейт я лъахэгъуэхэм щымыслъахэм Ислъэмей къуажэмэ хьэщIапIэм зышIагъэхьыну. ТхьэмахуэдэкIри, «Тэрчыр» абыи 6:2-уэ щытекIуащ. Арати, зэкIэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. Дапхэздизкiэ ар яхуэIыгъэными, ямыутIыпщыжьыхэнуми зыкъомкIэ зэлъытар езыхэращ.

Бжьыгъэшхуэ кьыззрыкIуа зэIущIэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр иужь джэгугъуитIми щымэщIакъым. Апхуэдэу Старэ Шэрэдж кIуа «Шагъдийм» хэгъэрейхэм я гъуэм тоти 8 диГъэкIащ, езым кьыхудагъэкIыфар 3-щ. Шэрджэм щыIа альтуддэсхэр нэхъ гуащIэжт. Я командэм хэтхэм я топ зырыз (11!) абыхэм «Шэрджэсым» щыджэгуэхэм «тыгъэ» хуащIащ.

Зеиншэу щекIуэкIа пыIэзэфIэхьри хуабжьу удэзыхьэхт. «Шагъдийм»р» «Псыгуэнсумрэ» абы топи 9-кIэ щызэхьэжащ. Нэхъыбэрэ кьызэрыхэжаныкIам и фIыгъэкIэ хьэщIэхэм текIуэныгъэр яхьащ. Ижь джэгугъуитIым зи хьэрхуэрэгъуэхэм топ 14 яхудэзыгъэкIа псыгуэнсудэсхэр хуабжьу кьызэрыкIа хуэдэщ. ЯщащIэтыфыну пIэрэ тхьэмахуэ кьакIуэ абыхэм Лашынкъей икIыныхэр?

ЗэкIэ зи Iэзху кьимыкIыр иужь увыпIищщ зыIыгъ «Урожайнэ», «Шэрджэс», «Шэрэдж» командэхэращ. Ижь джэгугъуитIми ахэр кьыщыхагъэщIащ, нэхъыбэм бжьыгъэшхуэ дыдэкIэ.

Иджы щыгъуаззэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и иужьрей зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм: *тIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ* - «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - **8:1**, «**Искра**» (Альтуд) - «**Урожайнэ**» (Терекскэ) - **3:0**, «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - «**Шагъдий**» (Зеиншэу) - **3:8**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2:2**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Шэрджэс**» - **9:1**; *тIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ* - «**Шэрджэс**» - «**Искра**» - **2:11**, «**Акъбащ**» - «**Малка**» - **2:1**, «**Урожайнэ**» - «**Логоваз**» - **0:1**, «**Ислъэмей**» - «**Тэрч**» - **2:6**, «**Лашынкъей**» - «**Шэрэдж**» - **2:1**, «**Шагъдий**» - «**Псыгуэнсу**» - **4:5**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ кьыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: фокIадэм и 28-м - «Шагъдий» - «Шэрджэс», «Спартак-Д» - «Урожайнэ»; фокIадэм и 29-м - «Шэрэдж», «Акъбащ», «Псыгуэнсу» - «Лашынкъей», «Малка» - «Ислъэмей», «Тэрч» - «Родник» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

• Футбол

«Тэрчым» бжьыпэр иубыдащ, Псынэдахэр зэрыщымыIэр къигъэсэбэпри

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Тэрч»	**21**	**19**	**0**	**2**	**91-22**	**57**
2. «Родник»	**19**	**18**	**1**	**0**	**116-13**	**55**
3. «Искра»	**21**	**17**	**2**	**2**	**91-16**	**53**
4. «Ислъэмей»	21	13	1	7	70-47	40
5. «Малка»	19	12	2	5	59-37	38
6. «Логоваз»	20	12	0	8	70-55	36
7. «Шагъдий»	21	10	1	10	68-77	31
8. «Псыгуэнсу»	20	6	4	10	44-69	22
9. «Спартак-Д»	20	5	4	11	45-55	19
10. «Акъбащ»	21	4	3	14	40-82	15
11. «Лашынкъей»	20	4	2	14	28-78	14
12. «Шэрэдж»	21	4	2	15	31-92	14
13. «Шэрджэс»	21	3	3	15	34-92	12
14. «Урожайнэ»	**21**	**2**	**3**	**16**	**18-70**	**9**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщ1эпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариан-нэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлажьэныmкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныmкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.471
Заказыр №2065

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлензм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкi Соня**, *корректорхэу* **Пхытlыкi Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.